



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2.6 MILYON DOLA POU SIPÒTE AMELYORASYON ENPÒTAN POU ÒGANIZASYON SAN BI LIKRATIF VETERAN YO

*Pwogram yo sipòte veteran, sòlda ak fanmi yo*

*Finansman atravè Pwogram Kapital San Bi Likratif Veteran yo pral amelyore enstalasyon yo anndan kòm deyò atravè òganizasyon kominotè yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a sibvansyon 2.6 milyon dola pou 39 òganizasyon Veteran nan eta a atravè Pwogram Kapital San Bi Likratif Veteran yo. Sibvansyon sa yo pral sipòte efò benefisyè yo pou elaji ak amelyore kalite sèvis ki disponib pou veteran, sòlda ak fanmi yo nan eta a. Lòt finansman ap disponib pou òganizasyon veteran yo atravè pwochen seri Pwogram Kapital San Bi Likratif Veteran yo.

"Sòlda New York yo ak pwòch yo te fè gwo sakrifis pou pwoteje demokrasi nou an, epi yo merite aksè a sipò ak sèvis kalite siperyè", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouvo Pwogram Kapital San Bi Likratif Veteran yo ede rekonèt kontribisyon yo nan bay òganizasyon kominotè yo resous enpòtan yo bezwen pou sèvi veteran nou yo, sòlda yo, ak fanmi yo".

Pwogram Sibvansyon Kapital San Bi Likratif Veteran yo kanpe kòm yon limyè sipò pou enstitisyon ak òganizasyon kominotè enpòtan ki dedye pou sèvi veteran onore, sòlda ak fanmi yo. Sibvansyon sa a jwe yon wòl esansyèl nan asire ke antite vital sa yo gen resous yo bezwen pou kontinye travay ki gen anpil valè yo nan yon fason ki san danje epi efikas. Lè li bay finansman esansyèl, li pèmèt òganizasyon sa yo amelyore enstalasyon yo, elaji sèvis yo, epi finalman, anrichi lavi moun ki te dedye tèt yo nan sèvi nasyon nou an. Pwogram Sibvansyon Kapital San Bi Likratif Veteran yo enkòpore angajman enkonidisyonèl Gouvènè Hochul pou l kenbe byennèt Veteran New York ak fanmi yo.

Òganizasyon sa yo pral resevwa ranbousman pou depans ki gen rapò ak amelyorasyon kapital yo, avèk finansman pou pwojè ki varye ant 25,000 dola ak 75,000 dola. Se Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) k ap administre pwogram nan an patenarya ak Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans Services, DVS). Òganizasyon veteran atravè eta a pral sèvi ak finansman pou

nouvo twati, amelyorasyon ki konfòm ADA ak renovasyon kwizin ak zòn komen yo pami lòt amelyorasyon yo akeyi nan Rejyon Kapital (7), Sant New York (3), Finger Lakes (3), Long Island (9), Mid Hudson (6), Vil New York (1), North Country (3), ak Lwès New York (7). Gen yon lis sibvansyon ki [isit la](#).

Yo bay finansman atravè Pwogram Kapital San Bi Likratif Veteran an pou achitekti, konsepsyon, enjeniri, konstriksyon, rekonstriksyon, reyabilitasyon oswa ekspansyon yon etablisman ki kalifye; ak acha mèb oswa ekipman ki elijib.

**Komisè Depatman Sèvis Veteran an, Viviana DeCohen, te deklare,** "Devouman Gouvènè Hochul anvè Veteran nou yo se yon rezolisyon. Pwogram Kapital San Bi Likratif Veteran yo, ki gen 39 benefisyè, se yon temwayaj sou angajman li pou amelyore sèvis pou Veteran nou yo, sòlda nou yo, ak fanmi yo. Ansanm, n ap konstwi yon avni ki pi briyan pou moun ki te sakrifye anpil pou nasyon nou an".

### **Enfòmasyon sou Depatman Sèvis Veteran yo**

[Depatman Sèvis Veteran Eta New York la](#) la, ki sèvi kòm ajans defans eta a pou veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo depi 1945, kenbe yon angajman nan tout ajans lan pou sèvi tout veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo nan yon pakèt domèn pratik, ki gen ladan reklamasyon ak kontestasyon pou avantaj ki soti nan Depatman Zafè Veteran Etazini, kontestasyon pou mizajou sou dechaj bay Depatman Defans (Department of Defense, DOD) Etazini an, ak reklamasyon pou avantaj Eta New York yo. Yo ankouraje Veteran yo, manm sèvis yo, ak fanmi militè yo pou yo kontakte Depatman an nan [888-838-7697](tel:888-838-7697) oswa [vizite sitwèb li a](#) pou rankontre an pèsòn oswa vityèllman — avèk yon Konseye Avantaj Veteran ki akredite pou adrese bezwen yo epi pou yo jwenn tout avantaj yo genyen yo. Swiv DVS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

### **Enfòmasyon sou DASNY**

Fonde an 1944, DASNY se otorite devlopman pwojè kapital Eta New York la. Li finanse ak konstwi enstitisyon pou lasyans, lasante ak edikasyon, ki dirab ak rezistan ki ede ranfòse kominote New York yo ak kreye djòb. Li se youn nan pi gwo emetè obligasyon ki gen egzansyon taks nan nasyon an, sa ki pèmèt Eta a, gouvènman lokal yo ak sèten antite san bi likratif finanse ak konstwi yon fason pi rantab. DASNY se yon konstriktè piblik ki pwolifik ki gen yon rezèv konstriksyon ki plis pase 1,000 pwojè ki vo prèske 9.3 milya dola nan 31 mas 2023. W ap jwenn plis enfòmasyon sou DASNY [isit la](#).

###